



Pou Piblikasyon Imedya: 22/09/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOGRÈ PWOJÈ ELEKTRIFIKASYON OTOBIS AK 53 CHAJÈ OTOBIS AYERYEN KI AN KONSTRIKSYON

Gwo pwojè enfrastrikti rechaj yo fè avanse yon fason pwogresiv flòt otobis ki totalman elektrik Otorite Transpò Metwopoliten

Enjenyè mobilite elektwonik Otorite Enèji a sipèvize konstriksyon chajè depo otobis yo

Foto garaj otobis MTA disponib [jisit la](#)

Nan selebrasyon Semèn Klimatik la, Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a konstriksyon ap pwogrese sou 53 bòn rechaj ayeryen modèn pou otobis elektrik nan depo Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) nan Manhattan, Queens, Staten Island ak Brooklyn. Premye faz pwojè plizyè ane a, ki jere pa Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA), gen ladan l konstwi yon total de 67 distribitè ayeryen ak pa kab pou Transpò Piblik Vil New York atravè senk lokal pou prepare pou 60 nouvo otobis elektrik ki prevwa rive nan kòmansman ane pwochèn. Enfrastrikti elektrik modènize a pral sipòte flòt otobis zewo emisyon MTA k ap grandi nan tout Vil New York la, diminye emisyon kabòn, abòde chanjman klimatik epi sèvi kòm yon modèl pou lòt operatè flòt otobis metwopoliten yo. Justin E. Driscoll, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYPA, ak Frank Annicaro, Vis Prezidan Prensipal, Depatman Otobis Transpò Piblik Vil New York ak Konpayi Otobis MTA, te vizite Depo Otobis Grand Avenue (Grand Avenue Bus Depot) ak Sant Antretyen Santral (Central Maintenance Facility) nan Queens jodi a pou wè pwogrè pandan Semèn Klimatik la rive nan fen li.

"Elektrifye flòt otobis metwopoliten nou yo nan pi gwo vil nan mond lan pèmèt nou montre lidèchip New York nan sa ki gen pou wè ak aksyon klimatik ki pral gen yon enpak dirab", **Gouvènè Kathy Hochul te deklare.** "Pwogrè nan depo otobis nan vil sa yo se dènye egzanp ki montre New York ap konstwi enfrastrikti enèji pwòp ki pral amelyore kalite lè nou an epi ki pral benefisye kominote yo ki te sibi pwa yon ekonomi ki baze sou konbistib fosil. Gwo transfòmasyon sa a nan flòt otobis nou an pral diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè, bay efikasite nan sistèm lan, epi pèmèt tranzisyon nou an nan yon flòt otobis zewo emisyon dis 2040."

Avansman pwojè elèktrifikasyon 54 milyon dola a, kontraktè NYPA semèn sa a te monte premye nan 17 pantograf sou yon pòtik ayeryen nan Depo Otobis Grand Avenue ak Sant Antretyen Santral nan Queens. Gwo pwojè sa a enplike restriktirasyon depo otobis la pou akomode distribitè pantograf anlè yo ak liy espesifik pou otobis elektrik yo chaje. Nan yon inisyativ ki gen rapò ak li, yo ap enstale katòz pantograf nan yon teren deyò nan East New York nan Brooklyn epi yon sèl chajè pantograf nan lari pou otobis yo "chaje" batri yo pandan trajè chak jou yo ap komisyone nan Williamsburg Bridge Plaza nan Brooklyn. Enstalasyon 32 lòt distribitè ayeryen ak pa kab pral kòmanse nan mwa k ap vini an nan depo Kingsbridge nan Manhattan, ki sèvi prensipalman Bronx, ak depo Charleston nan Staten Island. Deplwaman plizyè chajè pa kab sou pye tou. Tout travay yo pral fini nan mitan 2024.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare, "Enstale chajè otobis elektrik yo se yon etap enpòtan nan plan anbisye MTA pou tranzisyon nan yon flòt otobis zewo emisyon vè 2040. Transpò an mas se antidòt kont chanjman klimatik, epi mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li nan asire MTA a vin yon sistèm transpò modèl."

Vis Prezidan Prensipal Otobis, Transpò Vil New York, Frank Annicaro, te deklare, "Otobis yo deplase plis pase 1.5 milyon moun chak jou, sa k ap retire machin sou wout la epi mennen Nouyòkè yo kote yo bezwen ale. Distribitè pantograf sa yo pral ede MTA respekte pwomès yon flòt zewo emisyon vè 2040 epi ranfòse MTA kòm yon lidè nan batay kont chanjman klimatik la."

Otorite Enèji a ap sipèviz pwosesis konsepsyon, pèmi ak akizisyon epi jere konstriksyon, komisyonin ak garanti pwojè transfòmasyon sa yo.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Enèji New York la, Justin E. Driscoll, te deklare, "Travay ak Otorite Transpò Metwopoliten an pou elektrifye pi gwo flòt otobis nan peyi a sipòte objektif New York pou tranzisyon bis piblik yo, diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè, epi pèmèt pi bon kalite lè pou kominote vilnerab yo ki toupre enstalasyon transpò yo ak odela. Otorite Enèji New York la fyè pou li travay avèk MTA pou refòme ak dekarbonize transpò piblik nan zòn iben yo epi enspire lòt minisipalite yo pou yo suiv egzanp lan. Travay sa a vrèman transfòmatif pou transpò an mas epi yon lòt fwa ankò New York ap trase wout la."

Nouvo enfrastrikti a fè pati plan MTA pou amelyore enstalasyon li yo pou sipòte angajman li pou achte sèlman otobis elektrik apre 2029 epi pou transfòme tout flòt 5,800 otobis li an nan machin zewo emisyon vè 2040. MTA se youn nan opertè otobis elektrik prensipal nan eta a ak anviwon 15 otobis elektrik ki an fonksyon kounye a ak 60 otobis k ap rive an 2024. Anplis de sa, gen akizisyon ki sou pye pou yon lòt 470 otobis zewo emisyon ak estanda ak atikile ki prevwa antre nan sèvis pandan 2025 ak 2026. Enfrastrikti sipò pou 470 otobis yo pral enstale nan 11 depo ki kouvri tout senk minisipalite yo anvan otobis yo rive nan pwopriyete a.

[pantograf](#) k ap enstale yo se aparèy ki monte sou estrikti ayeryen epi ki konekte ak chajè rapid nan kouran kontini (direct current fast chargers, DCFC). Lè yon otobis pake anba, yon kab pèmèt yo konekte ak kontak elektrik sou do bis la pou bay kouran pou rechaje batri ki nan bis la. Distribitè pantograf anlè yo pral foksyone ak otobis ki soti nan diferan manifakti.

Travay MTA a, ansanm ak yon pwojè k ap kontinye ak Otorite Transpò Niagara Frontier (Niagara Frontier Transportation Authority, NFTA) nan Buffalo, se premye pwojè rechaj otobis pantograf, nan depo otobis yo, nan Nòdès-la.

NYPA te konplete yon etid ak Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) pou ede senk gwo operatè transpò nan pati nò ak nan banlye yo devlope plan pou konvèti an otobis transpò ki konplètman elektrik, ki gen ladan Konte Suffolk, Konte Westchester, CDTA (Albany), RTS (Rochester) ak NFTA (Buffalo). Yo te enstale nèf pantograf pou NFTA ak yon lòt 27 ki an konstriksyon.

Pou plis enfòmasyon sou mobilite elektwonik, vizite paj [Enfrastrikti Veyikil Elektrik](#) NYPA sou sit entènèt li a.

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York

Ajanda klimatik Eta New York la ki se lidè nan nasyon an fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. New York, ki oryante pa kèk nan inisyativ klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, sou pwen pou reyalize yon sektè enèji zewo emisyon vè 2040, ki enkli 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwaye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 165,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2021 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk apeprè 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak 100 Kominote ki sètifye, apeprè 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)